



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN YON FINANSMAN 7 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOJÈ PREVANSYON DANJE AK REZISTANS YO

*Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon Danje a ap ede gouvènman lokal yo ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo rebati kominote ki te viktim dènye katastwòf natirèl yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 7 milyon dola finansman federal ki disponib pou pwojè prevansyon danje ak rezistans yo nan kad Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program) FEMA a. Pwogram sa a ap ede gouvènman lokal yo ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo rebati kominote toupatou nan eta a ki te viktim dènye katastwòf natirèl yo. Efò sa yo gen kòm objektif ogmantasyon rezistans Eta a, rediksyon difikilte, ak prevansyon risk pèt ak domaj ki asosye ak katastwòf natirèl fiti.

“Kòm kondisyon meteyo ekstrèm yo vin nouvo reyalite a, li esansyèl pou nou bati kominote nou yo pi solidman epi yon fason pi entelijan pou yo reziste tanpèt sa yo k ap fèt deplizanpli souvan epi vin deplizanpli fò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede ranfòse epi sekirize enfrastrikti nou an, etablisman nou yo, ak bilding piblik nou yo pou menm lè tan an pa bon menm, nou kapab gen kominote ki pi byen pare ak pi rezistan.”

Y ap bay preferans a pwopozisyon ki nan konte yo te deklare yo pou gwo tanpèt livè ak tanpèt nèj Mas 2017 la, ki te inonde yo poutèt nivo dlo wo nan Lak Ontario a, oswa ki nan kenz konte ki te sibi gwo inondasyon lokalize yo nan fen Jen epi an Jiyè 2017, kote Gouvènè a te mande yon deklarasyon gwo katastwòf federal nan dat 31 Dawout 2017.

Konte sa yo se: Konte Albany, Broome, Cayuga, Chenango, Clinton, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Essex, Franklin, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Madison, Monroe, Montgomery, Niagara, Oneida, Onondaga, Orleans, Oswego, Otsego, Rensselaer, Saint Lawrence, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, Washington, Wayne, ak Wyoming.

Y ap bay preferans tou a pwojè ki:

- Reyalize solisyon pèmanan pou prevansyon inondasyon (paregzanp, retire kay nan yon plèn inondasyon), ak/oswa ki redui anpil risk pou yon

pwopriyete inonde, oswa lòt chwa ki ofri avantaj tankou acha pwopriyete ak pwojè elevasyon;

- Ofri yon apwòch global pou jesyon plèn inondasyon gras a solisyon pou inondasyon nan nivo katye oswa lari olye de solisyon izole oswa disparat;
- Soutni prevansyon nan etablisman esansyèl yo anvan etablisman ki pa esansyèl yo, pwopriyete ki sibi Pèt Grav/Repete (Severe/Repetitive Loss) ak gwo donmaj anvan lòt yo, pwopriyete ki nan Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon an (National Flood Insurance Program, NFIP) anvan pwopriyete ki pa gen asirans yo, rezidans prensipal yo anvan kay segondè yo, rezidans yo anvan pwopriyete ki pwodui revni yo; pwopriyete ki nan zòn inondasyon chak 100 tan an anvan lòt; pwojè ki fè prevansyon nan pi gran kantite pwopriyete ki asire gras a NFIP a; epi
- Atenn oswa ranfòse bi rezistans alontèm yon kominote ki idantifye nan plan ki gen asistans Depatman Deta (Department of State) ak Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation) Eta New York yo, Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery), Plan Pwoteksyon Espas Ouvè (Open Space Conservation Plan) Eta New York la, ak lòt plan ak objektif lokal ak rejyonal.

“Asistans federal pou rebati kominote yo apre yon katastwòf se yon bagay ki esansyèl pou rebati pi solidman ak yon fason pi entelijan”, **Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Roger Parrino, Sr., te deklare.** “Mwen rekonesan pou kolaborasyon sa a avèk FEMA epi mwen enpasyan travay ansanm avèk kolaboratè lokal ak federal nou yo.”

Apre Prezidan an fin fè yon deklarasyon katastwòf, FEMA bay lajan Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon Danje a pou eta yo kapab administre pwogram sibvansyon ki soutni planifikasyon prevansyon danje lokal ak mezi prevansyon danje alontèm pou redwi kantite moun ki mouri ak donmaj nan pwopriyete ki amelyore kont katastwòf natirèl yo.

Gras a Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon Danje a, Eta New York pral ede finanse mezi prevansyon inovatè k ap pwoteje kominote yo, epi an menm tan ankouraje kwasans ekonomik lokal la epi sèvi lòt objektif. Yo ankouraje fonksyonè lokal yo ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo pou yo elabore pwopozisyon sa yo sou fòm Lèt Entansyon. Ou kapab jwenn Lèt Entansyon yo nan [www.dhses.ny.gov/recovery/](http://www.dhses.ny.gov/recovery/).

FEMA finanse 75% ranbousman frè admisib, pou montan sibvansyon an. Sèvis ouben materyèl ki pa finansye ka itilize jiska 25% ekivalan non Federal la. Alòske fon Federal pa ka sèvi pou ekivalan non-Federal la, gen eksepsyon epi Eta a ka bay fon korespondan nan kèk sikonstans pou pwojè ki admisib.

Ou kapab jwenn enstriksyon yo pou fè demann sibvansyon an [isit la](#).

Ou dwe soumèt demann nan anvan **12:00 p.m. nan dat 1ye Jen 2018.**

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter ak Instagram, oswa ale sou [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)